

## **Responsabilite ak Dwa Pasyan Florida**

### Lwa Florida 381.026

Antanke pwofesyonèl swen sante ou, Holy Cross Hospital rekonèt dwa ou genyen pandan w ap resevwa swen medikal. Nan resepsyon ki nan biwo sa a, ou gendwa mande yon kopi ki gen tèks konplè sou Responsabilite ak Dwa Pasyan yo. Men yon rezime sou responsabilite w ak dwa w yo:

#### **Antanke yon pasyan, ou gen dwa pou:**

- Yo trete w avèk koutwazi e avèk respè, epi pou yo apreseye diyite w epi pwoteje vi prive ou.
- Jwenn repons san pèdi tan e ki rezonab lè w poze kesyon oswa fè demann.
- Konnen kiyès k ap ba w sèvis medikal yo epi kiyès ki responsab pou ba w swen.
- Konnen ki sèvis sipò ki disponib pou pasyan yo, ki gen ladan si gen yon entèprèt disponib pou si pasyan an pa pale anglè.
- Konnen ki règ ak règleman ki aplike pou konduit ou.
- Prepare direktiv alavans epi fè estaf lopital la ak pratisyen ki bay swen nan lopital la konfòme yo avèk direktiv sa yo.
- Jwenn enfòmasyon tankou dyagnostik, tretman yo planifye a, altènativ, risk ak pwonostik nan men pwofesyonèl swen sante a.
- Refize nenpòt tretman, sèl si se lalwa ki rekòmande l.
- Lib pou estaf la pa enpoze kontrent oswa izolman, kont ou, nan kèlkeswa fòm nan, pou yo ba w presyon, disipline w, pou rezon pratik oswa kòm revanj. Yo gendwa enpoze w kontrent oswa izolman sèlman pou yo asire sekirite fizik imedya pasyan an, yon manm estaf oswa lòt moun epi yo dwe kanpe sou kontrent oswa izolman an depi li posib.
- Jwenn enfòmasyon ki konplè ak konsèy nesèsè sou disponibilite ki genyen sou resous finansyè pou jwenn swen.
- Konnen si pwofesyonèl swen sante oswa lopital la aksepte tarif Medicare deziyen an, si Medicare kouvri pasyan an.
- Resevwa yon estimasyon rezonab sou pri pou jwenn swen medikal yo avan tretman an.
- Resevwa yon kopi bòdwo ki detaye e ki konpreyansib epi, si ou mande sa, jwenn eksplikasyon sou pri yo.
- Resevwa swen medikal oswa akomodasyon, san yo pa gade sou ras, orijin nasyonal, relijyon, andikap oswa sous peman ou.
- Resevwa tretman pou nenpòt pwoblèm medikal ijan ki pral agrave lè yo pa ba w tretman.
- Konnen si tretman medikal la se pou rezon rechèch eksperymantral li ye epi pou li di si li dakò oswa refize patisipe nan yon rechèch konsa.
- Soumèt plent konsènan nenpòt vyolasyon ki fèt nan dwa ou atravè pwosedi doleyans nan Holy Cross Hospital, bay ajans apwopriye ki bay lisans la, The Office of Civil Rights la, oswa The Joint Commission an.

#### **Antanke yon pasyan, ou responsab pou:**

- Bay enfòmasyon ki konplè e egzak sou plent aktyèl ou yo, maladi ou te gen avan yo, ospitalizasyon, medikaman ak lòt pwoblèm ki gen rapò ak sante w yo.
- Pou rapòte bay doktè w la si ou konprann tretman w lan epi kisa li atann de ou.
- Pou suiv plan tretman doktè w ak estaf ou a rekòmande a.
- Pou ale nan randevou yo epi lè w pa kapab fè sa pou kèlkeswa rezon an pou enfòmè doktè a ak/oswa estaf la.
- Aksyon w si ou refize tretman an oswa pa suiv enstriksyon doktè w la ba w yo.
- Pou asire w ke obligasyon finansyè pou swen sante w yo satisfè lepli rapidman ke posib.
- Pou suiv règ ak règleman Holy Cross Hospital, Inc. ki konsène konduit ak swen pasyan an.